

## **ANNUAL ARTS IN SCHOOLS REPORT 2006/2007**

Chè kominote lekòl leta,

Sou direksyon Majistra Bloomberg, vil Nouyòk fè atizay tounen ankò yon priyorite pou lekòl leta li yo. Atizay anbeli lavi e amelyore aprantisaj timoun nou yo; tout elèv merite jwenn opòtinite fè yon aprantisaj atizay ki solid.

Atansyon Administrasyon an mete sou atizay, kòmanse avèk “*Arts Blueprint*,” ki reprezante seri nòm ofisyèl byen detèmine ke vil la te tabli premye fwa, ke elèv oblije konnen e kapab fè pou dans, mizik, teyat ak boza vizyèl. Lete pase, nou baze nou sou pwogrè nou te fè lè nou te anonse *ArtsCount*, ki se yon inisyativ ki fèt pou endike plis responsablite pou ansèyman atizay nan lekòl nou yo.

Kounye a, avèk premye ekspozisyon atistik pou ane sa a nan Rapò sou lekòl yo, nou kolekte enfòmasyon ke nou pa te gen anvan sou pwogram atizay lekòl nou yo ofri ak nivo patisipasyon nan atizay atravè plis pase 1 400 lekòl nan vil nou an.

Anpil nan done yo ankourajan, men nou ret anpil chemen pou fè ankò. Rapò sa a montre nou kote nou rive, epi li fè parèt akèlè kèk defi nou rankontre pandan n ap kontinye amelyore ansèyman atizay pou elèv nou yo. Avèk rapò sa a kòm gid nou, n ap ka konsidere defayans nou yo ansanm ak sipò nou vize yo. N ap ka ede lekòl yo tou divèsifye aksè yo genyen nan atizay.

Siksè travay sa a ap depann de kolaborasyon n ap kontinye genyen avèk asosye nou yo nan travay sa a : kominote atistik la, kominote inivèsité a, ak manm devwe nan pèsònèl ak administrasyon lekòl nou yo k ap travay seryezman.

Mwen kwè toutbon ke atizay enpòtan pou edikasyon, e rapò sa a reprezante yon zouti ki pa gen pri pou ede nou ofri tout elèv nou yo yon bonjan kalite ansèyman atizay.

Ak senserite,

Joel I. Klein  
Chanselye, Depatman Edikasyon Vil Nouyok

## ENTWODIKSYON

“Yon bonjan edikasyon nan domèn atizay *arts* enpòtan pou fòmasyon entelektyèl ak kreyatif elèv nou yo. *ArtsCount* garanti tout elèv vil Nouyòk ka benefisye resous kiltirèl inik vil la pandan y ap patisipe nan pwogram atizay *arts* k ap amelyore vi yo.”  
- Majistra Bloomberg

.....

Sa a se premye Ekspozisyon travay atistik pou ane a nan Rapò sou lekòl yo. Rapò a fè bak pou konsidere ane eskolè 2006/07, epi li bay yon rezime global sou edikasyon modèn nan lekòl leta nan vil Nouyòk. Rapò sa a bay yon fonman ke nou ka itilize pou idantifye sa pou nou amelyore lè n ap anseye atizay *arts*, e pou nou pi byen konprann jan pou nou ranfòse fason nou ofri ansèyman atizay *arts* anjeneral.

Pa gen anpil distri nan tout nasyon an ki antreprann yon inisyativ ki byen òganize konsa ki devanse imajinasyon lòt moun pou dekouvri defi ke moun k ap anseye atizay *arts* ap konfwonte, e pou travay pou leve defi sa yo. Sa enplike enpòtans ansèyman atizay *arts* pou Administrasyon sa a— ak pou elèv vil Nouyòk.

Majistra Michael R. Bloomberg ak Chanselye Joel I. Klein ap travay depi kòmansman refòm ki rele Timoun dabò *Children First* pou amelyore jan yo anseye atizay *arts* nan lekòl leta nan vil la. An 2003, yo te mete sou pye liv ki rele *The Blueprint for Teaching and Learning in the Arts* an kolaborasyon avèk kominote kiltirèl vil la. *The Blueprint* dekri estrikti yon kourikoulòm edikatif nan domèn atizay *arts* depi Prematènèl jiska klas 12yèm ane nan kat domèn atizay *arts*: Dans, Mizik, Teyat, ak Boza vizyèl.

An Jiyè 2007, vil Nouyòk te vin ak *ArtsCount*, pou montre enpòtans atizay *arts* genyen nan edikasyon elèv anjeneral. *ArtsCount* ba lekòl yo responsablite ofri elèv nou yo bonjan ansèyman nan domèn atizay *arts*. L ap ofri mwayen pou evalye kalite ak disponiblite ansèyman atizay *arts* nan lekòl

nou yo, ak patisipasyon elèv nan pwogram atizay *arts* yo, *ArtsCount* reprezante yon vizyon global e presi ansèyman atizay *arts* nan vil nou an.

Tou premye Ekspozisyon travay atistik pou ane nan Rapò sou lekòl sa a ofri yon done debaz ke yo pran nan ane eskolè 2006/07, ki se ane ki vini anvan lansman *ArtsCount*. Gwoup moun k ap kontwole Ansèyman Atizay *Arts*, ki konpoze ak manm nan kominote kiltirèl e atistik ak lidè nan lekòl yo, jwe yon wòl enpòtan pou gide DOE repòte done sa yo. Nou fè anpil pwogrè men nou ret ankò anpil travay pou fè pou fè sèten tout timoun ap resevwa fòmasyon yo merite nan domèn atizay *arts*. Enfòmasyon nan rapò sa a pral ede DOE detèmine lekòl ki pa resevwa ase sèvis, epi mete anplas sipò li vize pou yo. Li pral ede tou amelyore kalite ak kantite ansèyman atizay *arts* pou tout lekòl.

.....

“Nou egzije reysit nan Matematik ak Angle, e n ap egzije menm bagay tou pou Atizay *Arts*. Avèk *ArtsCount*, n ap fè edikasyon nan domèn atizay *arts* abòde yon nouvo etap, e n ap fè lekòl yo pran responsablite ofri tout elèv ansèyman atizay *arts* yo bezwen e merite.”  
- Chanselye Klein

.....

Anplis rapò sa a, nou pral afiche *travay atistik pou ane a pou chak lekòl nan Rapò* sou lekòl yo sou sit wèb yo. Gen detay osijè nouvo mezi nou pran pou detèmine responsablite nan domèn atizay *arts* adispozisyon w nan *ArtsCount*, *A Guide for Principals*, yon liv yo fèk pibliye pou bay lidè lekòl yo sipò lè y ap aplike bonjan pwogram atizay *arts*. Gen nan gid sa a enfòmasyon pratik, tankou kondisyon pou anseye atizay *arts* Depatman Edikasyon Leta Nouyòk *New York State Education Department ( NYSED)* egzije, e pou bay direktè yo sipò ak resous pou amelyore ansèyman atizay *arts* nan lekòl yo. Pou plis enfòmasyon, al sou sit wèb : [www.nyc.gov/schools/artseducation](http://www.nyc.gov/schools/artseducation)

## KONKLIZYON ENPÒTAN

Lekòl Vil Nouyòk ap ofri elèv yon seri opòtinite nan domèn Atizay *Arts*. Li ofri ansèyman Dans, Mizik, Teyat, ak Boza vizyèl. Anjeneral, lekòl nou yo chèche satisfè ak depase nòm ofisyèl ke Depatman Edikasyon Leta Nouyòk *New York State Education Department* (NYSED) tabli, jan li dekri nan Dokiman siplemantè rapò sa a. Sa nou dekouvri alabaz la montre ke lekòl yo gen yon abitud ofri yon varyete ansèyman nan domèn Atizay *Arts*, men li souliye nesesitye pou ogmante patisipasyon elèv yo nan kou sa yo n ap ofri yo. Nou mete pi ba a kèk konklizyon ki genyen nan rapò a.<sup>i</sup>

### ■ LEKÒL PRIMÈ

Lekòl primè yo ap fè tout sa yo kapab pou rive satisfè egzijans NYSED pou ofri tout elèv kou nan tout kat domèn Atizay *Arts* yo. Lè lekòl primè yo koòdone pou ofri ansèyman Atizay, aktivite pèsonèl lekòl la ak òganizasyon kiltirèl e atistik yo, 98% lekòl sa yo ka ofri kou omwen nan yon domèn atistik, 91% lekòl yo ka ofri kou omwen nan de domèn atistik, 68% lekòl yo ka ofri kou nan twa domèn atistik, e 38% lekòl yo ka ofri nan kat domèn atistik

Byenke lekòl primè yo ap ofri kou Atizay *Arts*, pa nan tout klas yo— e kidonk pa tout elèv yo – satisfè egzijans NYSED fè pou yo genyen chak ane kou nan tout kat domèn atistik yo. Plis pase detyè lekòl primè yo ofri kou nan yon domèn Atizay *Arts* nan chak klas, e 62% lekòl yo ofri kou nan de domèn Atizay *Arts* nan chak klas. Twò piti kantite lekòl ofri kou nan tout kat domèn Atizay *Arts* chak ane – sèlman 4%.

### ■ LEKÒL PRESEGONDÈ

Gen divès opòtinite nan domèn atizay *arts* ki disponib nan lekòl presegondè yo. 84% lekòl yo ofri kou Boza vizyèl, 69% ofri kou Mizik, Dans ak Teyat, 36% ak 40% lekòl yo ofri anpatikilye kou nan domèn sa yo.

Pandan kou Atizay *Arts* yo disponib nan majorite lekòl presegondè nou yo, nou dwe amelyore nivo patisipasyon elèv nou yo. Onivo lekòl presegondè, se sèlman 29% elèv nou yo ki satisfè egzijans Leta a ki mande pou elèv yo pran de mwaye sesyon kou Atizay *Arts* ant klas 7yèm e 8yèm ane<sup>ii</sup>

### ■ LEKÒL SEGONDÈ

Vil Nouyòk ap mache byen anpatikilye onivo lekòl segondè avèk prèske mwaye (46%) elèv ki gradye yo app ran twa kredi oswa plis nan atizay *Art*. Epi, apeprè 40% lekòl segondè nou yo ofri yon oryantasyon pwofesyonèl preparatwa (yon sekans nan domèn pwofesyonèl elèv chwazi a<sup>iii</sup>) nan youn oswa nan plis domèn Atizay *Arts*. Pwogram sa yo prepare elèv yo pou etid avanse nan domèn Atizay *Arts*, epi ede elèv yo prepare yo pou pran Diplòm *Regents* lan avèk kalifikasyon avanse pou Atizay *Arts*.

<sup>i</sup> Tanpri sonje ke tout estatistik ki gen nan rapò sa a enkli sèlman lekòl ki ofri yon ansèyman Atizay pou ane a, oswa ki patisipe nan pwosesis verifikasyon done nou a. Pou enfòmasyon pi detaye, tanpri al gade nan seksyon Metodoloji a.

<sup>ii</sup> Kondisyon NYSED mande pou elèv dwe pran yon mwaye sesyon Mizik ak yon mwaye sesyon Boza vizyèl nan klas 7yèm ak 8yèm ane. Depatman Edikasyon vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE) aplike pou yon dispans ansòt ke elèv yo ka pran de mwaye sesyon nan de kèlkonk nan kat domèn Atizay yo.

<sup>iii</sup> NYSED defini yon sekans nan domèn Atizay kòm yon minimòm twa (3) ane anplèn kou pa sekans ak kou pou pèfeksyonman nan domèn Atizay. Kou yo dwe pèmèt elèv akimile kredi pou Atizay pou yon minimòm twa sesyon (ki ekivalan sis kredi nan vil Nouyòk).

## ■ PWOFESE ATIZAY ARTS

Nan tout nivo klas, pousantaj lekòl ki ofri ansèyman dans ak teyat yo anreta seryezman parapò ak pousantaj sa yo ki ofri Boza vizyèl ak mizik. Plis pase 80% lekòl nou yo gen omwen yon pwofesè sètifye nan domèn Atizay Arts. Plis pase 60% lekòl yo gen omwen yon pwofesè sètifye nan domèn Boza vizyèl *Visual arts* ak prèske mwatye ladan yo gen omwen yon pwofesè pou anseye mizik. 14% lekòl yo gen omwen yon pwofesè pou anseye dans, epi 14% lekòl yo gen omwen yon pwofesè pou anseye teyat

## ■ KOMINOTE ATISTIK AK KILTIRÈL

**Patenarya ak kominote atistik ak kiltirèl ki gen siksè nan vil Nouyòk ranfòse pwogram atizay nan lekòl nou yo.** Katreven de pousan lekòl nou yo travay ak yonn oswa plizyè òganizasyon atistik ak kiltirèl, epi gen yon total 343 òganizasyon atistik ak kiltirèl ki ofri lekòl yo sèvis